



5 Enfòmasyon ou Bezwen Genyen Konje Familyal Pwoteje nan Travay

- 1 **Dapre Lwa New Jersey sou Konje Familyal la (New Jersey Family Leave Act - ki rele tou NJFLA),** si ou travay nan yon ajans Eta a oswa gouvènman lokal la, oubyen nan yon konpayi oswa yon ògànizasyon ki genyen 30 anplwaye oubyen plis nan plizyè peyi, epi ou genyen plis pase 1 an depi w ap travay nan konpayi an (epi ou travay pandan omwen 1 000 èdtan pandan 12 mwa ki fenk pase yo), anjenneral ou kapab pran jiska 12 semenn konje familyal pwoteje pandan yon peryòd 24 mwa:
 - Pou rete okipe oswa pase tan avèk yon timoun, depi peryòd konje a kòmanse anvan 1 lane pase apre nesans timoun lan oubyen apre yo mete li nan yon kote pou adopsyon oswa nan yon fanmi ki pou elve li ;
 - Pou rete okipe yon moun nan fanmi w oswa yon moun ki tankou fanmi w, ki genyen yon pwoblèm sante grav (tankou yon dyagnostik pou COVID-19), oswa yon moun yo izole oubyen mete an karantèn paske yo sispèk li pran kontak avèk yon maladi kontajye (tankou COVID-19) pandan yon peryòd ijans ; oswa
 - Pou fè swen oswa tretman pou yon timoun pandan yon peryòd ijans nan lekòl li, oswa nan yon kote ki fèmen dapre lòd yon responsab ofisyèl poutèt yon epidemi oswa yon maladi kontajye (tankou COVID-19) oswa pou yon lòt ijans piblik nan kesyon sante.
- 2 **Ou mèt pran yon peryòd konje jiska 12 semenn konsekitif** oubyen ou ka pran konje a dapre yon kalandriye entèmitan oswa redwi.
- 3 **Konje NJFLA pa menm avèk Lwa Federal sou Konje Medikal pou Fanmi a (Federal Family Medical Leave Act - ki rele tou FMLA),** kidonk ou pa pral fini konje NJFLA a si ou pran konje pou yon pwoblèm sante grav ou genyen dapre FMLA. Kidonk, gen kèk sikonstans kote ou kapab gen dwa pran jiska 12 semenn konje FMLA pou pwòp pwoblèm sante ou, epi 12 semenn konje NJFLA pou rete okipe yon moun nan fanmi ou, pandan yon menm peryòd 12 mwa.
- 4 **Si ou ansent oubyen ou fenk akouche, ou ka pran jiska 12 semenn** pou gwosès la oubyen pou ou refè apre akouchman dapre FMLA, epi ou ka pran yon lòt 12 semenn ankò dapre NJFLA pou okipe oswa pase tan avèk tibebe a, apre doktè a sètifye ou pare pou tounen nan travay, oubyen apre ou fin pran tout konje FMLA a (selon sa ki rive an premye a). Nenpòt nan paran yo gen dwa pran konje NJFLA pou okipe oubyen pase tan avèk yon tibebe ki fenk fèt, oubyen yon timoun yo fenk mete nan yon kote pou adopsyon oswa nan yon fanmi ki pou elve li.
- 5 **Lè ou tounen nan travay, nòmalman ou gen dwa retounen nan menm pòs ou te genyen** anvan ou ale a, epi patwon an pa gen dwa fè vanjans kont ou paske ou te pran oubyen ou te eseye pran konje dapre NJFLA.

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oubyen rele nimewo **973-648-2700**



NJ Office of the Attorney General
(Biwo Komisè Gouvènman NJ)

[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS